

Kèlkeswa sitiyaasyon imigrasyon yo, tout moun nan Etazini gen dwa ki garanti anba Konstitisyon an. Gid sa a gen pou objektif enfòmasyon moun ki pa sitwayen ameriken sou dwa legal yo nan divès sitiyaasyon avèk lapolis ak ofisye imigrasyon yo.

Gen [lwa ki ka varye nan](#) kèk Eta. Gen règ separe ki aplike nan [pòs kontwòl yo](#) ak lè w ap antre Etazini nan pò antre yo, tankou nan fwontyè ak ayewopò yo.

Enfòmasyon sa a se pou rezon edikatif epi li pa ta dwe itilize kòm yon ranplasman pou asistans legal. Si ou menm oswa yon moun ou konnen bezwen asistans legal, tanpri kontakte yon avoka.

SI LAPOLIS OSWA OFISYE IMIGRASYON YO ARETE W

- Pa di ofisye lapolis ak imigrasyon yo anyen. Ou gen dwa rete an silans tout tan. Nenpòt sa ou di ka sèvi kont ou nan tribinal.
- Di, "Mwen vle pale ak yon avoka." Nan pwent sa a, polisye a oswa ofisye imigrasyon an dwe sispann kesyon w.
- Si lapolis arete w, ou gen dwa gen yon avoka gratis (defansè piblik) nan pwosedi kriminel yo.
- Si yon ofisye imigrasyon kenbe w, ou gen dwa gen yon avoka pou ede w avèk sitiyaasyon imigrasyon w lan, men gouvènman an pa oblije ba w youn—mande youn imedyatman.
- Mande yon entèprèt si anglè a pa lang ou pi alèz avè l la.



- Pa siyen anyen san ou pa konsilte yon avoka anvan.
- Si ou nan men ICE, kontakte avoka ou oswa yon manm fanmi ou imedyatman. Ou gen dwa fè yon apèl telefonik apre yo fin arete w.
- Mande pou yon kosyon epi pou yon odyans devan yon jij menm si ICE di ou pa kalifye.
- Mande kopi tout dokiman imigrasyon ou yo.